

ETA KAWOLINJ DINÒ  
KONSÈY EGZAMEN



SOU DOSYE:

# Desizyon Otorite Siperyè yo.

ATTN:

Demandè

Anplwayè

Selon N.C. Gen. Stat. § 96-15(e), koz sa te vini devan Konsèy Egzamen an (“Konsèy”) pou konsidere sa ki te rekonèt pa Seksyon Apèl Depatman Komès Divizyon Sekirite Travay la (“Divizyon”) kòm **APÈL** de yon desizyon pa Abit Apèl (non) sou nimewo Dosye Apèl .

Nan dokiman ki te resevwa kòm apèl demandè, li sanble demandè a pa eksprime dezakò li avèk desizyon Abit Apèl la konsènan dosye elijiblite avèk oswa diskalifikasyon ki prezante devan Abit Apèl la. Anplis li parèt, demandè a pa eksprime tou dezakò li avèk Avi Pèman Anplis la oswa Rezolisyon Pèman anplis ki voye bay bay demandè a pa Divizyon Seksyon Kontwòl Pèman an (BPC) oswa Seksyon Entegrite Alokasyon an. BPC te mete nan avi a, demandè a te resevwa yon pèman anplis alokasyon yo ke Divizyon an gen entansyon rekipere. Anplis de lòt enfòmasyon, Avi Pèman Anplis oswa rezolisyon Pèman Anplis la te mansyone tip Pèman Anplis ki te fèt, peryòd tan kote Pèman Anplis la te fèt, epi montan pèman anplis alokasyon Divizyon an pretann demandè a te resevwa.

Li parèt nan dokiman ki devan Konsèy la, demandè a senpleman eksprime rezon ki fè Divizyon an ta dwe abandone egzijans règleman ki di demandè a dwe ranbouse montan pèman anplis alokasyon asirans chomaj demandè a pa gen dwa a. Epi tou, li sanble, demandè a p ap mete an kesyon Desizyon Apèl la, Avi Pèman Anplis, oswa Rezolisyon Pèman Anplis la, men li senpleman ap chèche renonse avèk ranbousman pèman anplis alokasyon yo. Selon N.C. Gen. Stat. § 96-4(w), Divizyon an, men se pa Konsèy la, genyen otorite pou abandone ranbousman pèman anplis alokasyon yo.

MEMORANDÒM LALWA:

Pou demann ki te depoze nan dat oswa aprè 30 Jyen 2013, demandè yo fè sijè ranbousman alokasyon yo te resevwa de nenpòt desizyon jidisyè oswa administratif ki te ranvèse pita pandan apèl. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2). Anvan, Divizyon an kapab egzije ranbousman de yon pèman anplis alokasyon yo, li dwe bay demandè a avi rezolisyon li a ki mansyone te genyen yon pèman anplis. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(3)b; 04 N.C. Kòd Admin. 24B .0601. Divizyon an dwe bay demandè a tou yon opòtinite rezonab yon odyans administratif pou detèmine si te genyen yon pèman anplis alokasyon ki te fèt bay demandè a. Selon N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(3)b.



# Desizyon Otorite Siperyè yo.  
Paj De nan Twa

Si Divizyon an detèmine, aprè, pwosesis administratif yo te mete fen pou di, yo te peye demandè a alokasyon yo anplis, epi yon rezolasyon final oswa yon desizyon tankou yon pèman anplis te fèt, Divizyon an pral voye yon fakti pa lapòs bay demandè a pou kouzwi pèman anplis la. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g); 04 N.C. Kòd Admin. 24B .0602.

Nan ka sa, sou yon konstataasyon bon koz, Divizyon an kapab abandone, an pati oswa antyèman tout pèman anplis ki pa te fèt nan fwod selon .C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2)c. N.C. Gen. Stat. § 96-4(w). Bon koz yo dwe bon rezon ki montre yon ekskiz legal paske li pa te rive fè yon bon aksyon ki egzije pa lalwa nan egzèsis la akòz mank dilijans. Gade 04 N.C. Kòd Admin. 24A .0105(26). Lwa sou Sekirite Travay la prevwa, Divizyon an pa dwe konsidere okenn demann oswa petisyon pou renonse yon pèman anplis ki te fèt avèk fwod. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2)(c); 04 N.C. Kòd Admin. 24B .0702. Anplis, Divizyon an p ap konsidere okenn demann pou renonse avèk pèman anplis alokasyon yo jiskaske yon desizyon sou pwoblèm elijiblite oswa diskalifikasyon nan dosye a vin definitiv. Yon desizyon vin definif lòske (1) pa te gen okenn apèl, oswa (2) dwa apèl yo te fini.

#### KONKLIZYON LALWA:

Li sanble nan rejis yo, demandè a ap chèche renonse avèk ranbousman pèman anplis alokasyon yo ki te resevwa de Divizyon an. Konsèy la pa gen otorite pou abandone ranbousman nenpòt pèman anplis ou dwe Divizyon an. Olye de sa, Sekretè asistan Divizyon an te bay BPC otorite sèlman pou jere demann oswa petisyon pou sa ki konsènan abandon pèman anplis la. Nan ka sa Konsèy la konkli, okenn pati ki epwouve pa desizyon Abit Apèl la te antre yon apèl jan li rekòmande pa N.C. Gen. Stat. § 96-15(c). Anplis Konsèy la mete fen pou di, okenn pati ki te epwouve pa rezolasyon BPC a ke demandè ki te resevwa yon pèman anplis alokasyon te antre yon apèl jan li rekòmande pa N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(3)b. An konsekans, apèl ki te resevwa avèk erè pa Seksyon Apèl Divizyon an te rejte.

Pou fè demann yon anilasyon ranbousman pèman anplis alokasyon, demandè a dwe depoze yon demann ekri pou yon anilasyon pèman anplis voye bay BPC selon enstriksyon ki te founi avèk Avi Pèman Anplis oswa rezolasyon pèman Anplis. Demann ekri a dwe akonpanye avèk tout prèv avèk dokiman ki di, demandè a vle Divizyon an konsidere l pandan l ap deside si l ap akòde demann pou anilasyon an. 04 N.C. Kòd Admin. 24B .0701.

Sa ki te prezante avèk erè pa Seksyon Apèl Divizyon an lòske apèl demandè a te **REJTE** a.

Desizyon Abit Apèl la sou nimewo dosye:            vin **DEFINITIF**.

Rezolasyon pa Sekretè asistan an ki di, demandè a te resevwa yon pèman anplis alokasyon asirans chomaj la vin **DEFINITIF**.

LI ÒDONE ke dokiman ki te soumèt la pa demandè a pral transfere bay BPC pou pwosesis ki apwopriye antanke yon demann pou anile yon pèman anplis alokasyon.

Manm Konsèy Egzamen yo Fred F. Steen, II avèk Stan Campbell te patisipe nan apèl sa epi te dakò avèk desizyon sa.

**ENPÒTAN – GADE PAJ KI SWIV LA**

# Desizyon Otorite Siperyè yo.  
Paj Twa nan Twa



Sa se:

KONSÈY EGAMEN AN

---

Prezidan

**AVI POU TOUT PATI KI ENTERESE**

Yon reprezantan legal jan li defini nan 04 N.C. Kòd admin. 24A .0105(32) ( enkli moun antrepriz tyès pati yo k ap sèvi antanke anplwayè administratè asirans chomaj la) dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye an konfòm avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84 and § 96-17(b). Avi avèk oswa Sètifikasyon sipèvizyon yon avoka dwe ekri konfòm avèk 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504. **Yon reprezantasyon legal nan pwosesis jidisyè dwe an konfòm avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84.**

Selon 04 N.C. Admin. Code 24C .0504, lèske yon pati genyen yon reprezantan legal, tout dokiman oswa enfòmasyon ki rekòmande pou founi yo pral voye sèlman bay reprezantan legal la. Tout dokiman ki te founi pa yon reprezantan legal yon pati pral genyen menm fòs epi menm efè tankou si li te voye dirèkteman bay pati a.

Apèl ki te depoze:

Desizyon ki te voye pa Lapòs: